



Pou Piblikasyon Imedya: 21/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO EKRI YON LÈT K AP MANDE ASISTANS FEDERAL POU  
REZOUÐ PWOBLEM PENN STATION**

Jodi a, Gouvènè New York la Andrew M. Cuomo te ekri yon lèt bay Prezidan Donald Trump, pou mande gouvènman federal la rekonèt kondisyon yo nan Penn Station kòm yon ijans ak bay asistans federal pou altènativ konstwiksyon ak transpò akoutèm yo, ak pou fasilite yon solisyon alontèm pou Penn Station.

Men tèks lèt la:

21 Me 2017

Prezidan an  
The White House  
1600 Pennsylvania Avenue, N.W.  
Washington, DC 20500

Chè Prezidan Trump,

*“Efè negatif eta mank reparasyon nan Penn Station nan rive a yon pwen kritik. Kòm ou konnen, estasyon an nan kondisyon deplorab depi plizyè ane. Sepandan, pàn ray tren ak pwoblèm mekanik ki vin genyen dènyèmman yo fè sitiyasyon an vin entolerab.*

*Plizyè milye vwayajè te rete bloke pandan plizyè èdtan, nan koridò plen moun, epi yo dekri kondisyon kòm ‘prèske vyolan’. Sikonstans yo tèlman mal kò lejislatif Eta a te fè odyans dijans avèk ofisyèl Amtrak yo.*

*Kounye a Amtrak anonse li pral fè reparasyon dijans sou ray yo ete sa a. Li senpleman pa posib pou sistèm nan sipòte chòk sa a.*

*Penn Station gen 600,000 pasaje ki pase ladan chak jou, avèk plis pase mwaye nan yo ki se Nouyòkè k ap pran Chemennfè Long Island nan (Long Island Rail Road) pou yo deplase ant Manhattan ak Long Island chak jou travay. Konte nan total sa a, gen plizyè dizèn milye pasaje New Jersey, ak pasaje rejyonal ak nasyonal.*

*Malerèzman, se kounye a sèlman Amtrak fè sistèm transpò piblik rejyonal ki sèvi avèk Penn Station yo konnen pou yo kapab fini travay la ete sa a, y ap oblije diminye sèvis la anpil. Yo prevwa diminyon sa a ta gen dwa lakòz apeprè 20 pousan rediksyon nan*

sèvis pandan lè ki gen plis sikilasyon yo pou vwayajè ki depann de sèvis sa a chak jou. Kapasite redwi sa a ap kreye yon efè domino. N ap wè plis reta nan sistèm transpò piblik rejyonal ki toupre yo, epi enfrastrikti nou an ap rive sou limit li pandan y ap absòbe yon gwo volim sitwayen k ap chèche lòt wout. Sa se sou tèt yon sistèm metwo MTA ki gen 100 tan, epi ki kòm ou konnen, sichaje ak pa resevwa ase finansman depi plizyè dizèn lane epi ki deja depase limit li.

Nesesite pou Amtrak diminye nan sèvis li ete sa a kreye non sèlman yon kriz akoutèm men epitou li ekspeze yon fason espektakilè pwoblèm kwonik sistèm nan.

Pwopozisyon travay dete Amtrak la sijere yo kapab fini travay la nan apeprè sis semèn. Menm si se vre, se ap yon ete soufrans poutèt plizyè milye vwayajè ap deranje anpil epi lòt wout ak mwayen yo ap debòde. Sa ap sichaje sistèm metwo a epi voye plis vwayajè toujou sou otowout, pon ak tinèl nou yo.

Nou dispoze travay avèk gouvènman federal la sou tout opsyon akoutèm yo. Y'ap etidye jan pou opere yon nouvo sistèm vwayaj ak pak ki avanse sou Long Island ki gen wout pou bis prive ak yon liy ki chaje anpil pou bis sèlman. N ap konsidere tou posibilite bato rapid soti Long Island. Sa nou vle di, n ap anvizaje solisyon kreyatif.

Anplis de sa, alontèm mwen pa kwè se yon solisyon dirab ni saj pou Amtrak kontinye ap jere Penn Station. Penn Station ak MTA soufri menm maladi a, ki se senkant lane mank finansman ak twòp chay sou yon rezo ki fin granmoun. Menm san difikilte li genyen kounye a Penn Station te entolerab. Estasyon an fè m sonje Katakomb – fèmen, menasan ak pare pou kraze. Yon fwa ankò, nou dispoze konsidere yon kantite opsyon. Nou t ap kapab konsidere pou Otorite Pòtyè a (Port Authority) pran kontwòl Penn Station ak fè l antre nan operasyon ak konstwiksyon Tinèl Gateway a ki – jan Sekretè Depatman Transpò (Department of Transportation) ou a te note l dènyèmman – se yon nesosite ijan. Gen anpil avantaj nan akselere konstwiksyon Tinèl Gateway a, restore Penn ak konbine l avèk renovasyon Biwo Lapòs Farley a (Farley Post Office) ki deja kòmanse. Nou ta kapab konstwi yon plak tounant transpò klas mondya, sekirize ak dènye kri. Sa t ap ale avèk pwopozisyon plan 1 bilyon dola ou a pou investisman nan enfrastrikti federal pou rebati Etazini, epi nou ankouraje ou konsidere demann esansyèl sa a pandan ou menm ak Kongrè a ap kòmanse dyalòg sou priyorite bidjè federal la. Se pi bon jan pou vanse nan anpil nivo.

Omwen, mwen kwè Amtrak ta dwe remèt konstwiksyon ak jesyon nan men yon operatè tèminal sektè prive a poutèt tout eksperyans pase a sijere Amtrak pa gen fon ak ekspètiz pou li toujou ap investi ak jere alontèm konbinezon konplèks enfrastrikti ray ak jesyon tèminal Penn Station nan. An verite, pifò kote nan peyi a se pa Amtrak ki jere tèminal yo toutbon men olye de sa li sèvi avèk manadjè prive kalifye. Mwen konnen ou kwè nan privatizasyon lè sa apwopriye epi nan sityasyon sa a mwen panse pa gen dout sa apwopriye.

Eta a ap, epi pral fè, pati pa li a. Apre plizyè ane finansman ki pa sifi, Eta a bay MTA finansman ki bat rekò sou fòm yon plan investisman 29 milya dola. Dènyèmman MTA te anonse yon plan akoutèm sis pwen pou amelyorasyon. N ap akselere konvèsyon Biwo Lapòs Farley a k ap trennen depi lontan, sa ki pral bay yon lòt antre sou Penn Station. Men menm avèk tout efò sa a eta a ap fè a, sa pa ase. Penn Station se yon eleman

*fonksyònman esansyèl nan sistèm nan an jeneral.*

*Kòm mwen kwè pwoblèm Penn Station yo trè byen gen dwa pa rive rezoud, epi MTA deja depase limit li, mwen pral mande MTA pou li jwenn nouvo jan pou li akselere plan investisman alontèm nan epi gouvènman lokal nou yo pou yo ede nan finans plan sa a jan sa nesesè. Mwen panse Vil New York ak lòt gouvènman lokal yo renokèt nèt kounye a bezwen esansyèl MTA yo epi yo pral respekte obligasyon finansye yo.*

*Sepandan, kòm Penn Station Amtrak la se yon eleman esansyèl sistèm nan epi li sou kontwòl federal, nou bezwen asistans ou.*

*Mwen mande pou gouvènman federal la trete sa kòm yon sitiyasyon ijan epi bay finansman pou altènativ konstwiksyon ak transpò akoutèm a Penn yo ak pou fasilite yon solisyon alontèm pou Penn Station.*

*Malgre se pa yon siklòn ni yon inondasyon li pral afekte menm kantite moun ak biznis la avèk konsekans terib. Menm jan ak yon dezaz natirèl, nou pat kreye l men fonksyon piblik nou yo egzije pou nou okipe l. Menm jan ak nan pifò ijans, se pa yon kesyon politik epi ofisyèl yo nan toude pati yo ap dakò nou bezwen èd imedyà. Sitiyasyon sa a afekte tout reyon nòdès la.*

*Antanke Nouyòkè, mwen panse ou konn gravte sitiyasyon an epi ou konnen si eta a gen soutyen finansye ak operasyonèl la, n ap fè travay la.*

*Mèsi pou atansyon w.”*

Sensè Salitasyon,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418